



Mariwana Medikal

Kisa mariwana medikal ye?

Seksyon 381.986, Lwa Jeneral Florida pèmèt pasyan kalifye ki gen sètifika yon doktè kalifye itilize mariwana medikal ak kanabis ki gen yon fèb kantite THC.

Mariwana medikal PA gen THC ladan epi l ap fè moun ki itilize li santi yo “hay.”

Kanabis ki gen yon fèb kantite THC gen 0.8 pousan oswa mwens THC epi li pa lakòz moun ki itilize li santi yo “hay.”

Kisa avantaj (soulajman) posib yo ye nan itilizasyon mariwana medikal?

Men avantaj nou konnen jiska prezan: mariwana medikal bay soulajman nan doule kwonik, li ede soulaje kèplen ak vomisman, li soulaje latranblad nan maladi Parkinsons, epitou li redwi kantite epizòd malkadi pasyan yo soufri. Nou konnen mariwana medikal itil pou Twoub Estrès Twomatik (Traumatic Stress, Disorder, PTSD) ak VIH/SIDA, elatriye.

Kijan m ap jwenn kat mariwana medikal?

Pale avèk doktè ou epi ale sou sitwèb www.knowthefactsmmj.com pou konnen kondisyon admisib yo epi pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike pou yon kat ID Rejis Itilizasyon Mariwana Medikal.

Kèk nan kondisyon admisib pou itilizasyon mariwana medikal se, men pa sèlman, kansè, epilepsi, glokòm, doule kwonik, PTSD, ak VIH/SIDA.

Ki doktè ki sètifye pou rekòmande mariwana medikal?

Gen prèske 2000 doktè ki sètifye pou rekòmande mariwana nan eta Florida. Ale sou sitwèb <https://knowthefactsmmj.com/patients/#steps-to-treatment> pou jwenn plis enfòmasyon sou doktè kalifye yo ki nan zòn ou.

Èske gen risk ki konsène pou sante avèk itilizasyon mariwana medikal?

Gen rechèch k ap fèt sou sa epi yo poko fè konklizyon an. Pi bon pwosesis aksyon an se diskite sou risk yo avèk doktè kalifye ou.

Itilizasyon Ilegal Mariwana:

Kisa mariwana ilegal ye?

“Mariwana ilegal” se mariwana moun itilize/jwenn deyò Seksyon 381.986, Lwa Jeneral Florida, ansanm ak mariwana moun pa achte nan yon Sant Tretman Mariwana Medikal (Medical Marijuana Treatment Center, MMTc) moun ki pa pasyan kalifye elatriye itilize. Mariwana rete ilegal anba lwa federal ak nan anpil eta. Ou pa ka transpòte mariwana nan oswa soti nan Florid.

Pou jwenn pis enfòmasyon sou risk pou sante, ale sou sitwèb.

<https://www.cdc.gov/marijuana/health-effects.html>



Ki konsekans ki genyen nan itilizasyon ak/oswa nan posesyon mariwana ilegal?

Itilizasyon ak/oswa posesyon mariwana ilegal se yon krim.

Enfòmasyon sou MMERI

Kisa Pwojè Edikasyon ak Rechèch sou Mariwana Medikal ye?

Pwojè Edikasyon ak Rechèch sou Mariwana Medikal se yon pwojè ki konsantre sou edikasyon anpil kalite kominote minoritè sou mariwana medikal ak sou konsekans ki genyen nan itilizasyon ilegal mariwana. Se Depatman Sante Florida (Florida Department of Health) sou demann lejislati a ki bay lajan pou finansse pwojè sa a.

Pou kisa se FAMU ki alatèt Pwojè Edikasyon ak Rechèch sou Mariwana Medikal?

Dapre wòl inivèsite a abitye jwe nan edike etidyan minoritè yo, se sèl FAMU ki nan pozisyon pou edike anpil kalite popilasyon minoritè sou mariwana medikal. Kòm yon

kontinye



enstitisyon rechèch, FAMU ofri yon gwo platfòm epi li gen resous pou etidye ak konprann syans mariwana medikal pou ede popilasyon multi-lang ak multi-kiltirèl yo.

Kijan nouvo pwojè a pral nan avantaj kominote a ak gwoup pwofesè-chèchè yo tou nan FAMU?

Wòl MMERI se pou kreye ak bay enfòmasyon epi fè rechèch pou ekspè yo, epi pou divilge enfòmasyon yo ba manm anpil kalite kominote Florida nan yon varyete lang. Kòm yon pwen referans pou etidyan yo sou sijè sa a, pwofesè yo nan yon pozisyon pou bay etid rechèch debaz ak etid rechèch pèmanan. N ap fè tout efò pou asire dènye enfòmasyon sou rechèch pwofesè FAMU yo fè ak lòt enfòmasyon divilge ba kominote yo tout kote nan eta a. MMERI pral antreteni yon sitwèb konvèsasyonèl, bay yon bilten, epi pran angajman kominotè pou asire gen konvèsasyon fas-a-fas ki fèt sou sijè enpòtan sa a.

Kisa angajman ak edikasyon kominotè ap gen ladan?

Angajman ak edikasyon kominotè se pati entegral pwojè a. Nou te kòmanse avèk relasyon ak kowalisyon pou bati avèk dirijan yo, gwoup kominotè yo òganizasyon relijye yo, enstitisyon edikasyonèl yo ak lòt yo. Nou vle pou ou konnen kimoun nou ye ak bi ak objektif pwojè a. Kounye a, n ap egzekite yon kanpay nan eta a pou ajoute deba kominotè, gwoup refleksyon, biwo oratè/oditè, sesyon enfòmasyon, elatriye. Ekip nou an ak patnè rejyonal nou yo ap fasil pou remake epi y ap aktif nan kominote ou yo toupatou nan eta a.

Kijan kominote a pral konnen konsekans yo ki genyen nan itilizasyon ilegal mariwana ak diferans yo nan sistèm jistis kriminel jan li asosye avèk lè yon moun fè krim pou itilizasyon ilegal mariwana?

Nou fòme kowalisyon tout kote nan eta a pou angaje moun lokal ki konsène yo yon fason efikas epi pou asire enfòmasyon yo rive jwenn tout moun ki konsène yo.

Kimoun ki patnè eta a ak patnè enstitisyonèl yo ye?

Anplis Depatman Sante Florida, Inivèsite a pral travay avèk yon pakèt patnè akademik FAMU, yon rezo òganizasyon kominotè ak òganizasyon relijye ki nan eta a, yon gwoup konsiltan chwazi ak lòt enstitisyon entereze yo.

Kisa objektif yo ye pou Pwojè Edikasyon ak Rechèch sou Mariwana Medikal ye?

Manda lejislati eta a ban nou se yon manda ki aklè: “Edike anpil kalite kominote minoritè Florida sou mariwana medikal ak sou konsekans itilizasyon ilegal mariwana sou kominote minoritè yo.” Analiz done nou pran yo pral montre efikasite efò sansibilizasyon nou fè yo pou edike kominote yo. Kontribisyon nou nan dènye piblikasyon yo sou toulède aspè yo pral pèmèt FAMU sèvi kòm yon pwen referans pou chèchè divèsite yo toupatou nan eta a, peyi a, ak lemonn.

Enfòmasyon pou Pran Kontak

Patricia Green-Powell, PhD
MMERI Interim Executive Director
(850) 561-2456
patricia.greenpowell@fam.u.edu

Angela Hardiman
MMERI Public Affairs Liaison
(850) 561-2522
angela.hardiman@fam.u.edu

Carol Angela Davis, JD
FAMU Associate Director of Communications,
MMERI Communications Liaison
(850) 294-5270
carol.davis@fam.u.edu

Cynthia Hughes Harris, PhD
Dean, FAMU School of Allied Health Sciences,
MMERI Research Chair
(850) 599-3818
cynthia.hughesharris@fam.u.edu

Lòt Resous yo

Biwo Itilizasyon Mariwana Medikal
www.knowthefactsmmj.com

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi
www.cdc.gov